



PLEDE POU

Filantwopi Kominotè

(Tèt ansanm ak Travay Kominotè)

Kouman sa pèmèt moun
devlope richès, kapasite,
ak konfyans lokal—epi
poukisa li enpòtan

Soti Kenya poun pase End, poun pase Eslovaki epi pou nou rive Brezil. Moun peyi sa
yo rive kreye ak amelyore lekòl, kreye jòb, fè sitwayen yo konn wòl yo, bay óganizasyon
yo jarèt epi mobilize moun ki ka ba yo lajan.

Daprè ou menm, Kijan kominote sa yo rive fè sa?

Yo rantre nan pratik filantwopi kominotè (met tèt ansanm ak fè travay kominotè)

Yon bagay ki kòmanse nan lakou lakay, epi kap gaye toupatou sou latè

Nan Eslovaki, Fondasyon vil Banská Bystrica se premye fondasyon kominotè ki genyen nan lès Ewòp. Malgre se te yon projè ki rele Vil an sante” ke Oganizasyon Mondyal Sante te kòmanse, jodi a projè sa a genyen yon bann moun nan peyi sa a k ap met lajan ladan l epi se sitwayen peyi a ki mennen bak fondasyon an nan jan pou l ede yo. Fondasyon sa a sipòte lòt group kap ede timoun nan lari. Li ede kreye òganizasyon ki ede moun ki nan kominote jitan yo, epi y ap jere yon Bank i ki aprann jèn nan katye yo fè tèt ansanm epi travay nan kominote kote yo rete yo. Se konsa, direktè bank lan, Beata Hirt, te di yon jou, pi gwo siksè bank lase kote yo montre sitwayen lakay yo ke yo gen tout fòs ak kapasite pou yo rezoud problèm yo poukont yo.



Nan Brezil, Sitwayen nan peyi Brezil te kreye Instituto Comunitário Grande k ap goumen pou chanjman tout bon vre. Enstitisyon sa a g bay tout òganizasyon ki fèb nan kominote a fòs ak jarèt. Travay lcom ap fè yo gen anpil enpòtans. Yo mobilize moun peyi yo pou envesti nan devlopman kominote yo. Yo idantifye tout richès ak byen nan kominote a epi yo propoze solisyon pou valorize yo, san yo pa neglije itilize tout bagay modèn yo pou amelyore lavi moun yo . San manti, yo fè bagay ki mande pou tout moun travay ansanm nan lakou Brezil. Anderson Giovani da Silva, Direktè Ekzekitif ICom lan, te di: “Eksperyans fè nou konnen ke nou dwe aprann moun yo bay anvan pou fè devlopman”. “Lèfini, nou menm n’ap bay zouti pou pèmèt òganizasyon kominotè, biznis, moun, ak gouvènman yo travay ansanm.”


Nan Kenya, yon òganizasyon ki rele Asosyasyon pou Devlopman Kominotè Makutano (MCDA) gen yon lis byen long reyalizasyon ke yo fè, ki gen ladan l konstriksyon 9 baraj ak 17 pi, epi yo fè 10,000 kawo tè ki pat bon vin fètil. Se gwo koze pa vre ? Men sa ki te pi di pou moun sa yo se te jwenn kijan pou òganizasyon an devlope kapasite moun nan zòn nan pou se yo menm menm ki mennen pwòp devlopman pa yo. Raphael Masika, ki se youn nan lidè lokal ki te enpòtan anpil nan fòmasyon MCDA a, eksplike angajman moun yo te pran pou yo fè yon devlopman k ap dire. Konsa: “Se pa paske moun nan peyi Kenya pa genyen richès ki fè yo pòv, men yo pòv paske yo manke konesans pou konnen ki jan pou yo eksplwate richès yo genyen yo”.

Nan End, plis pase 5,000 habitan nan 50 bouk mete tèt ansanm pou fòme yon Fondasyon yo rele Prayatna. Fondasyon sa a gen pou deviz “pwoblèm zòn la se pou moun zòn lan.” Yo mobilize tout moun, ki soti nan tout kategori relijyon pou bay tan yo, manje yo, lajan yo, ak lòt bagay yo genyen pou yo ka goumen pou fè dwa moun respekte, pou fè moun gen lòjman ak travay, pou fè moun siveye jan gouvènman ap depanse lajan epi pou goumen pou jistis sosyal pou tout moun. Òganizasyon an pèmèt anpil lidè lokal vin konprann se pou yo kreye bon jan relasyon ant kominote relijyon endou ak relijyon mizilman. Tèt ansanm sa a pèmèt kominote yo vin gen plis fòs pou fè travay lakay yo. Youn nan manm yo di: “Lè yon sèl moun pale, yo pa tandel, men lè anpil moun pale ansanm yo pa ka pa tande nou”.

Yon Solisyon kap grandi

Toupatou sou latè, anpil sitwayen ap pratike tèt ansanm ak travay kominotè¹ nan yon jan ki fè li evolye rapid rapid. Abitan nan zòn yo kreye epi dirije yon stil òganizasyon ki ranmase lajan ak lòt richès nan men moun peyi yo ak moun lòt peyi pou yo remèt moun nan kominote yo pou fè devlopman. Yo fè pwojè ki pou satisfè vre bezwen kominote yo, epi yo sansibilize moun yo sou pwoblèm yo gen lakay yo. Yo fè apèl a lidè nan kominote yo, yo ranfòse sosyete sivil la, epi yo fè plan ak yon vizyon sou pi devan.

Òganizasyon sa yo ki baze sou tèt ansanm ak travay Kominotè sa yo ap vin pi plis chak jou. Soti lane 2000 pou rive lane 2010, yon tip òganizasyon sèlman—fondasyon kominotè—rive ap grandi nan yon pousantaj ekstraòdinè ki se 86%, sa vle di nou gen 70 enstitisyon sa yo ki rive kreye chak ane². plizyè bagay ka esplike poukisa tout òganizasyon sa yo ap kreye toupatou sou latè a: enyen òganizasyon ki gaye pratik sa a nan mitan plizyè kominote. Se yon modèl Oganizasyon ki fèt jan moun nan kominote yo vle l ye a. Lajan pou finanse aktivite yo kreye pou anpil anpil tan, epi efò k ap fèt pou devlopman sosyete sivil la ap gaye tout kote sou latè.



Malgre fondasyon kominotè se yon fòm òganizasyon kap fè tèt ansanm ak travay Kominotè ki pi popilè yo, gen lòt òganizasyon ak menm filozofi a k ap pouse pratik sa a pi lwen. Halima Mahomed, ki se manm TrustAfrica, di “Sa fè kèk tan depi gen yon nouvo kalite òganizasyon kap fè tèt ansanm ak travay Kominotè.

Yo pratike agrikilti san produi chimik, yo byen anrasinen nan reyalyte a, yo pa marye ak okenn konsèp espesyal, ni yo pa ranmase foute anba vant yo lide zòt genyen sou pratik viv ansanm sa a. Nan nannan pratik tèt ansanm ak travay Kominotè sa a, fòs la se kote moun kap viv menm kote ede youn lòt. Bagay sa a se yon santiman natirèl ki ekziste nan tout sosyete ak nan tout kilti, pa vre ? Se poutèt sa anpil moun kap sèvi ak pratik la kwè li plis sanble yon mouvman pase yon òganizasyon.

Pratik kominotè sa a gen yon kapasite san parèy pou li mobilize enèji tout moun nan yon kominote pou fè yo tounen enstitisyon lokal ki ka kenbe, epi ki adapte ak sityasyon moun ak bayè lokal yo. Se pa mirak non si kominote yo enterese ak bagay sa a.

“Jan yo pratike tèt ansanm ak travay Kominotè nan nasyon an devlopman yo chanje. Li pa santre ankò sou bezwen ak egzijans bayè yo ki nan Amerik di Nò, li pi fleksib, se moun nasyon sa yo ki deside. **CHANJMAN** sa a soti an premye nan zòn Afrik, Azi, ak Amerik Latin.”

AVILA KILMURRAY, YON FONDASYON KOMINOTÈ KI NAN IRLANN DI NÒ

¹ *The Value of Community Philanthropy* (yon seri konvèsasyon moun k ap pratike ak moun k ap finanse tèt ansanm ak travay kominotè te mennen nan peryòd 2010-2011 la) jwenn yon “definisyon”, ki eksplike ke filantwopi kominotè a “òganize ak estriktire”, “se li menm ki dirije tèt li”, li “fonksyone tankou yon achitekti louvri pou tout patisipan”, li “devlope sosyete sivil la”, li “itilize lajan ak byen lokal”, ni tou li “chèche kreye yon sosyete kote genyen enklizyon ak jistis”. Rapò sa a, se Fondasyon AgaKhan Etazini ak Fondasyon Charles Stewart Mott ki te mande fè li, epi se Barry Knight ki ekri li; li disponib nan <http://www.mott.org/files/publications/thevalueofcommunityphilanthropy.pdf>.

² Ale li Global Status Report on *Community Foundations* 2010 Worldwide Initiatives for Grantmaker Support (WINGS) te fè a.

Lojik ki Genyen Nan Filantwopi Kominotè

(LOJIK KI GENYEN NAN FILANTWOPI KOMINOTÈ A)

Youn nan rezon ki fè kominote yo ap rantre nan pratike tèt ansanm ak travay kominotè, se paske pratik sa a bay bon rezilta pou devlopman. Selon Jenny Hodgson, ki se manm Fon Mondyal pou Fondasyon Kominotè, genyen yon bèl lojik dèyè tèt ansanm ak travay kominotè, ak yon ansanm ipotèz sou ki jan li ka bay rezilta ki enpòtan ni pou moun nan kominote yo, ni pou moun ki ap finanse li, ni pou nenpòt moun moun k ap pratike li a.

- Lè moun yo patisipe ak lajan yo nan pwòp devlopman pa yo, yo plis enterese bay bon rezilta.
- Lè moun yo pote pwòp byen yo ak fòs yo kòm kontribisyon, sa fè gen yon pi bon ekilib pouvwa, sa fè gen yon relasyon ant patnè, pa yon relasyon tradisyonèl ant bayè ak benefisyè.
- Lè moun nan zòn lan ap dirije epi ede lòt moun nan kominote li, moun k ap resevwa yo gen yon dèt anvè òganizasyon an, epi yo vin tounen de moun yo ka konte sou yo pou demen.
- Si enstitisyon k ap pratike tèt ansanm ak travay kominotè yo vin gen de moun nan zòn yo fè konfyans ak remèt tout kalite byen, yo ka mennen devlopman an yon jan ki ka bay rezilta.

Moun k ap pratike ak sipòtè tèt ansanm ak travay kominotè nan lemond rive idantifye twa bagay enpòtan nan pratik sa a:

RICHÈS

Filantwopi kominotè (Tèt ansanm ak travay kominotè) devlope ak deplwaye tout fòm richès lokal—kit se lajan, kit se lòt resous. Se pou sa ni moun ak enstitisyon k'ap ede nan bay lajan kwè se yon bon chimen ki mennen nan dirabilite, ki devlope yon baz resous pou travay sou pwoblèm ki ekziste nan kominote a. Itilizasyon richès lokal, angajman moun lokal pou bay, ak itilizasyon sa moun zòn ap toujou bay, tout sa pèmèt pratik tèt ansanm ak travay kominotè a ranfòse sosyete sivil la pou jodi a ak pou demen.

KAPASITE

Òganizasyon ki pratike tèt ansanm ak travay kominotè yo devlope yon kapasite dirab sou fòm relasyon, konesans, enfrastrikti, ak lidèchip ki trè enpòtan pou sosyete sivil la. Yon kapasite ki pa ta kapab repwodi nan yon apwòch sou yon tan ki kout. Espesyalman, tèt ansanm ak travay kominotè se yon bon mannyè pou ranfòse vwa ak patisipasyon sitwayen yo. Yo nan bon pozisyon tou pou ede òganizasyon yo adapte ak kondisyon k ap chanje toutan, nouvo priyorite lokal, enterè bayè k ap vire ak opòtinite lidèchip.

KONFYANS

Pa mwayen gouvènans entèn ak desizyon jere lajan nan transparans, pratik tèt ansanm ak travay kominotè devlope konfyans abitan yo nan enstitisyon lokal yo ak konfyans youn gen nan lòt. Konfyans youn nan lòt sa a ranfòse sosyete sivil la, li simayen angajman. Li kreye santiman se kominote a ki responsab devlopman pa li. Ni tou, li pèmèt òganizasyon k ap fè pratik sa yo konvoke, enfòme ak mobilize abitan yo yon jan anpil lòt òganizasyon pa ka fè.

Yon Chimen ki Mennen Nan Bon Rezilta



Apèl Pou Aksyon

Chak jou pi plis moun k ap finanse oswa pratike oswa plede pou tèt ansanm ak travay kominotè ap chèche kijan pou yo ranfòse ak multipliye pratik kominotè sa a tout kote sou latè kòm estrateji pou devlopman, ak ranfòsman kominote yo.

Yon fason pou pratik sa a gen gwo enpak sou kominote yo, li dwe jwenn sipò. Sipò sa dwe baze sou bezwen kominote a, fò li mache ak konpòtman epi kilti moun nan zòn nan. Se pa moun deyò ki pou ap voye di kijan travay la dwe fèt.

Fòk rechèch sipòte apèl pou sipò a. Pa ekzanp, Rapò Eta *Mondyal* 2010 sou *Fondasyon Kominotè WINGS* la di pi bon eleman ki te anonse nouvo kwasans fondasyon kominotè yo soti lane 2008 pou rive lane 2010, se te prezans, nan kòmansman dekad la, òganizasyon nasyonal oswa rejyonal ki tap bay devlopman fondasyon sa yo sipò.

Ni tou, pratik sa a gen anpil opòtinite ladan l, se sa ki ba l jarèt. Tèt ansanm ak travay kominotè kòm apwòch pou nou fè devlopman pwouve li bay rezilta. Epitou, li adapte li a tout kalite reyalyte jewografik ak kiltirèl. Filanmezi, teknoloji ap rann metòd sa sa pi fasil pour li pran rasin, pou bayè ki lòt kote bay kominote ki lwen yo lajan yo bezwen, a, epi fè yo pran fòm kò yo. Kòm pratik la nan bon pozisyon pou li amelyore epi gaye sou latè, lè a rive pou nou aji.

“Sa fè kèk tan depi n ap travay ak sosyete sivil. Sa nou remake projè kote moun fè pou pwòp tèt pa yo, se yo ki pi DIRAB. Nan projè sa yo, lidèchip, lajan, ak sipò volontè tout bagay sa yo **DIRAB**.”

MIRZA JAHANI, FONDASYON AGA KHAN

“Gen de kote sèl fason pou yon projè bay rezilta se lè moun zòn nan **MÈT TÈT ANSANM** youn ak lòt, nan filantwopi kominotè. Fòk nou pèmèt kominote yo aktive, mobilize ak pote kole youn ak lòt.”

TADE AKIN AINA, KÒPORASYON CARNEGIE

“Pazapa, nap tounen yon sous **ENFOMASYON** ak **KONESANS** sou kominote yo.”

LÚCIA DELLAGNELO, INSTITUTO COMUNITARIO GRANDE FLORIANÓPOLIS

“Se moun **KOMINOTE** a konnen ak fè konfyans k ap pote nou sou do yo pou travay la.”

FELECIA JONES, FONDASYON KOMINOTÈ BLACK BELT

“Nou te vle pou se anndan kominote a chanjman kòmanse.”

MARWA EL DALY, FONDASYON KOMINOTÈ WAQFEYAT AL MAADI

Ki Jan Nou Ka Ede Pratik la Fleri?

Militan yo ap etidye plizyè keksyon pandan y ap reflechi sou estrateji pou devlopman pratik la:

- Kijan nou ka ofri plis opòtinite pou rezo k ap travay nan menm nivo, epi ede moun k ap pratike tèt ansanm ak travay kominotè pataje konesans?
- Kijan nou ka travay pou avansman kompreyansyon, rechèch, evalyasyon ak komunikasyon sou pratik la devlope?
- Ki pi bon fason pou ede òganizasyon ki fenk ap pratike tèt ansanm ak travay kominotè pran pye sou latè?
- Ki jan bayè ekstèn ka sipòte pratik la pandan nap redwi depandans sou “moyen ki soti deyò” ki ka jennen efò moun yo ap fè pou tèt yo?
- Ki kalite enfrastrikti entènasyonal k’ap finanse eksperyans lan, devlope zouti, jwenn lajan, kreye kat byen, rasanble lidè, kreye rezo, ak ranfòse pratik la?
- Kijan nou ka devlope yon gwo mouvman mondyal pou tèt ansanm ak travay kominotè?

“Se yon defi pou moun lòt kote kap investi anpil lajan pou yo jwenn pwojè k ap pran rasin tout bon vre. Eksperyans nou montre nou, pou travay la rete nèt, se lè gen pratik tèt ansanm ak travay kominotè pou yo bay sipò.
SA MACHE TOUT BON VRE.”

SHANNON LAWDER, FONDASYON C.S. MOTT

“Filantwopi kominotè pèmèt eksperyans fèt. Nou piti, men nou **FLEKSIB**. Nou ka bouche twou ki genyen yo. Sa bay nou eksperyans epi devlope lespri antrepriz.”

JAN DESPIEGELAERE, FONDASYON KOMINOTÈ FLAND DE LWÈS

“Nou t’ap diskite sou (konstwi) yon pi, siw jis konstwi youn sa pa ase, se pa sa ki devlopman an. Daprè nou, **DEVLOPMAN** an se istwa ki dèye pi a...Eske ou te devlope kapasite lokal la? Eske ou te chanje atitid moun yo? Eske ou te ede kominote a reflechi yon lòt fason?”

MONICA MUTUKU, KI TE MANM FONDASYON KOMINOTÈ KENYA

“Ak tèt ansanm ak travay kominotè, **AKTÈ LOKAL** yo ka pran fè devlopman pwòp kominote pa yo.”

AJANS ETAZINI POU DEVLOPMAN ENTÈNASYONAL (USAID)

Pote Kole!

Plizyè òganizasyon mete tèt ansanm pou fòme yon gwoup ki sipòtè pratik tèt ansanm ak travay kominotè tout kote sou latè, gwoup sa a chèche repons epi bay pratik la jarèt. Yo envite ou pou vin nan batay la.

Pou plis enfòmasyon sou gwoup sa a tanpri kontakte:

Jenny Hodgson

jenny@globalfundcf.org

www.globalfundcommunityfoundations.org



AGA KHAN FOUNDATION USA
1825 K Street NW, Suite 901
Washington, D.C. 20006
www.akdn.org
info.akfusa@akdn.org
+1.202.293.2537



CHARLES STEWART MOTT FOUNDATION
Mott Foundation Building
503 S. Saginaw Street, Suite 1200
Flint, MI 48502
www.mott.org info@mott.org
+1.810.238.5651



GLOBAL FUND FOR COMMUNITY FOUNDATIONS
Fourth Floor, 158 Jan Smuts Avenue Rosebank
Johannesburg 2196 South Africa
www.globalfundcommunityfoundations.org
info@globalfundcf.org
+27.11.447.4396



**Rockefeller
Brothers Fund**
Philanthropy for an Interdependent World

ROCKEFELLER BROTHERS FUND
475 Riverside Drive, Suite 900
New York, NY 10115
www.rbf.org
communications@rbf.org
+1.212.812.4200